

**CenterWell ACE**  
**Avi sou Pratik Konfidansyalite**

**AVI SA A DEKRI KI JAN YO KA ITILIZE ENFÒMASYON SOU SANTE KI PWOTEJE OU  
YO EPI DIVILGE YO AK KI JAN OU KA JWENN AKSÈ AK ENFÒMASYON SOU SANTE  
KI PWOTEJE OU YO. TANPRI REVIZE L AK ANPIL ATANSYON.**

**I. MOUN POU OU KONTAKTE .** Si w gen nenpòt kesyon sou Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a (“**Avi**”), tanpri kontakte nou atravè youn nan metòd ki endike nan fen Avi sa a.

**II. ANTITE AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE SA A KONSÈN** Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a aplikab pou tout antite ki fè pati CenterWell ACE, yon antite afilye ki dwe swiv règleman HIPAA yo. ACE a se yon gwoup òganizasyon ki separe legalman ki afilye epi ki te chwazi aji kòm yon sèl antite pou yo ka aplike règleman HIPAA yo. Yon lis konplè manm ACE a yo disponib sou <https://www.centerwell.com/ace-affiliates>.

**III. DAT AVI SA A ANTRE ANVIGÈ.** Premye dat Avi sa a te antre anvigè se te 26 avril 2003. Dat dènye revizyon an nan fen dokiman sa a.

**IV. NOU GEN YON DEVWA LEGAL POU NOU PWOTEJE ENFÒMASYON SOU SANTE KI PWOTEJE (PROTECTED HEALTH INFORMATION, PHI) OU YO.** Lalwa egzije nou pou nou kenbe enfòmasyon pèsonèl ou yo konfidansyèl. Yo rele enfòmasyon medikal sa a yo enfòmasyon sou sante ki pwoteje oswa “PHI” pou pi kout. PHI gen ladan enfòmasyon yo ka itilize pou idantifye w nou te kreye oswa nou te resevwa sou sante w oswa pwoblèm medikal, swen sante ou resevwa, oswa peman swen sante sa a, nan tan pase yo, pou kounye a, oswa nan lavni. Nou bezwen aksè nan dosye medikal ou yo pou nou ka ba w swen sante epi pou nou ka respekte sèten kondisyon legal. Avi sa a aplikab pou tout dosye swen ak sèvis ou resevwa nan men nou, kit se anlwaye nou yo oswa doktè w ki te bay yo. Avi sa a pral fè w konnen fason nou ka itilize epi divilge PHI yo sou ou menm epi li pral dekri dwa w ak sèten obligasyon nou genyen konsènan itilizasyon ak divilgasyon PHI ou yo.

Sepandan, nou rezève dwa pou nou chanje kondisyon ki nan Avi sa a ak Politik ak Pwosedi sou Konfidansyalite nou yo nenpòt lè. Nenpòt chanjman

pral aplikab pou PHI nou deja genyen yo. Lè nou fè yon chanjman enpòtan nan pratik sou konfidansyalite nou yo, n ap modifiye Avi sa a epi mete l disponib pou ou lè nou poste l sou sit entènèt la nan yon kote ki byen vizib nan sant fizik ki bay sèvis la, si sa a aplikab, nou ka voye l pa imel si w dakò, oswa nou ka mete Avi ki revize a disponib pou ou yon lòt fason. Epitou ou ka mande nou yon kopi Avi sa a nenpòt lè. Pou kontakte nou, w ap itilize nenpòt nan metòd ki endike nan dènye paj Avi sa a. Lè w vin yon pasyan pou premye fwa, yo pral mande w pou ou siyen yon akize resepsyon ki endike yo te ba w opòtinite pou revize ak/oswa jwenn yon kopi Avi a sou papye.

**V. DEVWA NOU.** Lalwa egzije nou pou nou:

- garanti yo kenbe PHI ki idantifye w yo konfidansyèl;
- ba w Avi sa a sou pratik konfidansyalite nou yo konsènan PHI ou yo;
- divilge enfòmasyon sou VIH, sante mantal, ak/oswa maladi trapan sèlman jan lwa federal ak lwa eta a pèmèt sa a; epi
- swiv kondisyon ki nan Avi sa a toutotan li anvigè aktyèlman. Si nou revize Avi sa a, n ap suiv kondisyon ki nan Avi ki revize a.

**VI. KI JAN NOU KA ITILIZE EPI DIVILGE PHI OU YO** Kategori ki annapre yo (ki endike nan gwo karaktè) dekri diferan fason nou itilize epi divilge PHI ou yo. Nou ka divilge PHI yo sou plizyè medya, tankou medya elektwonik. Pou chak kategori itilizasyon oswa divilgasyon nou pral eksplike sa nou vle di epi ba w kèk egzanp. Nou pa pral endike tout itilizasyon oswa divilgasyon nan yon kategori. Sepandan, tout fason nou gen pèmasyon pou nou itilize epi divilge enfòmasyon sou ou yo pral tonbe nan youn nan kategori ki ekri ak lèt detache nan gwo karaktè yo. Epitou, se pa tout kategori yo ki ka aplike pou sèvis swen sante w ap chèche a.

- A. Pou Tretman.** Nou ka divilge PHI ou yo bay doktè, enfimyè, jesyonè dosye, ak lòt pèsònèl swen sante ki ba w sèvis swen sante oswa ki patisipe nan swen w. Nou ka itilize epi divilge PHI ou yo pou bay epi pou kowòdone tretman, medikaman ak sèvis ou resevwa yo tankou bay medikaman sou preskripsyon lè sa a aplikab. Pa egzanp, si y ap trete w pou yon blesi nan jenou, nou ka divilge PHI ou yo konsènan blesi sa a bay yon terapet fizik oswa radyològ, oswa bay founisè ekipman medikal oswa jesyonè dosye yo.
- B. Pou Jwenn Peman pou Tretman.** Nou ka itilize epi divilge PHI ou yo pou nou bay fakti epi kolekte peman pou tretman ak sèvis yo ba w yo. Pa egzanp, nou ka bay depatman fakti nou an ak plan sante w la yon pati nan PHI ou yo pou yo ka resevwa peman pou sèvis swen sante nou te ba w yo. Epitou nou ka bay Asyosye Komèsyal nou yo PHI ou yo, tankou konpayi fakti ak lòt konpayi ki trete reklamasyon sou swen sante nou yo.
- C. Pou Operasyon Swen Sante.** Nou ka divilge PHI ou yo pou nou ka fè etablisman nou yo fonksyone. Pa egzanp, nou ka itilize PHI ou yo pou nou evalye kalite sèvis swen sante ou te resevwa yo, pou aktivite jesyon itilizasyon yo, oswa pou evalye pèfòmans pwofesyonèl swen sante ki te ba w sèvis swen sante yo. Epitou nou ka bay kontab, avoka, konsiltan, ak lòt moun PHI ou yo yon fason pou nou ka garanti nou respekte lwa ki afekte nou yo.
- D. Bay Asosye Komèsyal pou Tretman, Peman, ak Operasyon sou Swen Sante.** Nou ka divilge PHI sou ou yo bay youn nan Asosye Komèsyal nou yo pou nou ka fè tretman, peman, oswa operasyon sou swen sante. Pa egzanp, nou ka divilge PHI sou ou yo bay yon konpayi ki veye fakti bay konpayi asirans sou non nou yo pou konpayi sa a ka ede nou jwenn peman pou sèvis swen sante nou bay yo.
- E. Moun ki Patrisipe nan Swen W oswa Peman pou Swen W.** Nou ka divilge PHI sou ou yo bay yon manm fanmi w, yon lòt pwòch, oswa yon zanmi pèsònèl ki patrisipe dirèkteman nan swen medikal ou si PHI yo divilge yo gen rapò ak patrisipasyon moun sa a nan swen w. Epitou nou ka divilge enfòmasyon yo bay yon moun ki ede peye pou swen w. Anplis de sa a, nou ka divilge PHI sou ou yo bay yon antite k ap ede nan yon efò pou pote sekou pou katastwòf yon fason pou fanmi w ka jwenn enfòmasyon sou kote ou ye ak eta sante jeneral ou.
- F. Rapèl pou Randevou.** Nou ka itilize epi divilge PHI yo pou kontakte w kòm yon rapèl pou yon randevou ou genyen pou tretman oswa swen sante si ou pa t chwazi refize rapèl sa yo.
- G. Tretman Altènatif.** Nou ka itilize epi divilge PHI yo pou bay enfòmasyon sou opsyon tretman oswa tretman altènatif si ou pa t chwazi refize rapèl sa yo. Nou ka kontakte w konsènan pwogram konfòmite tankou rekòmandasyon pou medikaman, revizyon itilizasyon medikaman, rapèl pwodwi ak ranplasman terapetik.
- H. Avantaj ak Sèvis ki Gen Rapò ak Sante.** Nou ka itilize epi divilge PHI yo pou fè w konnen avantaj oswa sèvis ki gen rapò ak sante ki ka enterese w si w pa t chwazi refize rapèl sa yo.
- I. Konpansasyon pou Travayè.** Nou ka divilge PHI sou ou yo pou konpansasyon pou travayè oswa pou pwogram parèy li. Pwogram sa yo bay avantaj pou blesi oswa maladi ki gen rapò ak travay.
- J. Sitiyasyon Espesyal.**

1. **Jan Lalwa Egzije Sa a.** Nou pral divilge PHI sou ou yo lè lwa federal, lwa eta oswa lwa lokal yo mande pou nou fè sa a, tankou Lwa sou Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health Act, OSHA), Administrasyon Federal Medikaman (Federal Drug Administration, FDA), oswa Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT).
2. **Aktivite Sante Piblik.** Nou ka divilge PHI sou ou yo pou aktivite sante piblik. An jeneral, aktivite sante piblik yo gen ladan yo:
  - a. anpeche oswa kontwole maladi, blesi oswa andikap;
  - b. rapòte nesans ak lanmò;
  - c. rapòte abi oswa neglijan sou timoun;
  - d. rapòte reyaksyon ak medikaman oswa pwoblèm ak pwodwi;
  - e. mete moun okouran konsènan rapèl pwodwi;
  - f. mete yon moun ki te ekspoze ak yon maladi oswa ki ka sou risk pou li trape oswa pwopaje yon maladi okouran;
  - g. mete otorite gouvènman apwopriye a okouran si nou kwè yon pasyan te viktim abi, neglijan oswa vyolans domestik. N ap fè divilgasyon sa a sèlman si w dakò oswa lè lalwa mande oswa otorize sa a.
3. **Aktivite Sipèvizyon Sante.** Nou ka divilge PHI yo bay yon ajans sipèvizyon sante pou aktivite lalwa otorize tankou odit, investigasyon, enspeksyon, ak lisans. Aktivite sa yo nesèsè pou gouvènman an ka kontwole sistèm swen sante a, pwogram gouvènman yo, ak konfòmite ak lwa sou dwa sivil yo.
4. **Pwosè ak Dispit.** Si w enplike nan yon pwosè oswa yon dispit, nou ka divilge PHI sou ou yo sou yon òdonans yon tribinal oswa yon òdonans administratif. Epi nou ka divilge PHI sou ou yo pou reponn ak yon sitasyon, demann dekouvèt, oswa lòt pwosesis legal yon lòt moun ki enplike nan dispit la.
5. **Fòsdelòd.** Nou ka divilge PHI yo si yon ajan fòsdelòd mande pou nou fè sa a:
  - a. pou reponn ak yon òdonans tribinal, sitasyon, manda, envitasyon pou prezante nan tribinal oswa yo pwosesis parèy yo;
  - b. pou idantifye oswa jwenn yon sispèk, yon moun k ap sove pou lajistis, yon temwen ki enpòtan, oswa yon moun ki disparèt, men sèlman si se enfòmasyon ki limite (pa egzansp, non ak adrès, dat ak kote moun nan fèt, nimewo sekirite sosyal, gwoup sangen, faktè Rezis (RH), aksidan, dat ak lè tretman, ak detay sou lanmò a) y ap divilge;
  - c. konsènan viktim yon krim si, nan sèten sikonstans limite, nou pa ka jwenn akò moun nan;
  - d. konsènan yon lanmò nou kwè ki ka rive akòz yon zak kriminèl;
  - e. konsènan yon zak kriminèl nou te kwè ki te fèt nan etablisman nou an; epi
  - f. nan sikonstans ijans pou rapòte yon krim; kote krim nan fèt oswa viktim yo; oswa idantite, deskripsyon oswa kote moun ki te komèt krim nan ye.
6. **Kowonè, Doktè Lejis, ak Direktè Mòg** Nou ka divilge PHI sou pasyan yo bay yon kowonè oswa doktè lejis pou idantifye yon moun ki mouri oswa pou detèmine kòz lanmò a oswa bay direktè mòg la pou li ka fè travay li.
7. **Don Ògàn ak Tisi.** Nou ka divilge PHI yo bay òganizasyon ki responsab pou jwenn ògàn oswa transplantasyon ògàn, je oswa tisi oswa bay yon bank don ògàn pou fasilite don ògàn oswa tisi.
8. **Rechèch.** Nan sèten sikonstans, nou ka itilize epi divilge PHI sou ou yo pou yo ka fè rechèch. Pa egzansp, yon pwojè rechèch kapab gen ladan konparezon sante ak retablisman tout pasyan ki te resevwa yon medikaman avèk moun ki te resevwa yon lòt medikaman pou menm pwoblèm sante a. Tout pwojè rechèch yo dwe fèt selon yon pwosesis apwobasyon espesyal ki mande

pou yo fè yon evalyasyon pwojè rechèch yo pwopoze a ak itilizasyon PHI li yo, epi jòje bezwen rechèch sa yo ak bezwen konfidansyalite pasyan nou yo. An jeneral, anvan nou itilize oswa divilge PHI yo pou rechèch, yo pral deja apwouve pwojè a atravè pwosesis apwobasyon espesyal sa a. Sepandan, pwosesis apwobasyon sa a pa obligatwa lè nou pèmèt moun k ap prepare yon pwojè rechèch epi ki vle gade enfòmasyon sou pasyan ki gen bezwen medikal espesifik yo revize PHI sou ou yo, toutotan PHI yo pa soti kite etablisman nou an.

**9. Pou Evite yon Menas Grav pou Sante oswa Sekirite.** Nou ka itilize epi divilge PHI yo lè sa a nesèsè pou anpeche yon menas grav pou sante w ak sekirite w oswa pou sante ak sekirite piblik la oswa yon lòt moun. Sepandan, nenpòt divilgasyon ta pral sèlman fèt bay yon moun ki ka ede anpeche menas la.

**10. Fòs Lame ak Pèsonèl Militè Etranje.** Si w se yon manm Fòs Lame, nou ka divilge PHI yo jan otorite militè yo mande sa a oswa sou pèsonèl militè etranje bay otorite militè etranje ki apwopriye a.

**11. Aktivite Sekirite Nasyonal ak Espyonaj.** Nou ka divilge PHI sou ou yo bay ajan federal ki otorize yo pou sèvis espionaj, kont-espionaj, ak lòt aktivite sekirite nasyonal lalwa otorize.

**12. Sèvis Pwoteksyon pou Prezidan an ak Lòt Moun.** Nou ka divilge PHI sou ou yo bay ofisyèl federal ki otorize yo pou yo ka bay Prezidan an, lòt moun ki otorize oswa chèf deta etranje pwoteksyon, oswa pou yo ka mennen ankèt espesyal.

**13. Prizonnye yo.** Si w se yon prizonnye nan yon enstitisyon penitansyè oswa ou sou gad yon ajan fòsdelòd, nou ka divilge PHI sou ou yo bay enstitisyon penitansyè a oswa bay ajan fòsdelòd la. Divilgasyon sa a ta nesèsè, pa egzanzp, pou enstitisyon an ka ba w swen sante; pou pwoteje sante w ak sekirite

w oswa sante ak sekirite lòt moun; oswa pou sekirite enstitisyon penitansyè a.

**14. Administrasyon Manje ak Medikaman (FDA)** Nou ka itilize epi divilge bay Administrasyon Manje ak Medikaman (FDA), oswa bay yon moun ki sou jiridiksyon FDA a, PHI ki gen pou wè ak evènman negatif konsènan medikaman, manje, sipleman, pwodwi, ak defo pwodwi, oswa enfòmasyon pou siveyans apre komèsyalizasyon pwodui yo pou pèmèt rapèl, reparasyon, oswa ranplasman pwodui yo.

**K. Itilizasyon ak Divilgasyon pa Aksidan** Itilizasyon ak divilgasyon ki fèt pa aksidan yo avèk yon itilizasyon oswa divilgasyon yo dekri nan Avi sa a akseptab depi gen pwoteksyon rezonab ki tabli pou limite itilizasyon ak divilgasyon pa aksidan sa yo.

**L. Patisipasyon nan Echanj Enfòmasyon sou Sante.** Nou ka patisipe nan yon Echanj Enfòmasyon sou Sante (Health Information Exchanges, HIE) oswa plis epi nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo pa mwayen elektwonik pou tretman, peman ak operasyon sou swen sante yo otorize ak lòt patisipan nan HIE yo. Patisipan nan HIE yo ka founisè swen sante, konpayi fakti, konpayi asirans, plan sante, ak òganizasyon swen responsab. Yo pèmèt founisè swen sante yo jwenn aksè avèk efikasite epi itilize enfòmasyon medikal ki nesèsè yo pou tretman ak pou lòt rezon legal. Nou p ap pataje enfòmasyon ak yon HIE sof si nou te antre nan yon akò asosye komèsyal ak HIE a pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pasyan yo. Ou ka “chwazi refize” patisipasyon nan HIE a lè w kontakte pwofesyonèl swen sante w la.

## **VII. KISA NOU FÈ AK ENFÒMASYON OU YO LÈ OU PA YON PASYAN ANKÒ OSWA OU PA RESEVWA SÈVIS NAN MEN NOU.**

Yo ka kontinye itilize enfòmasyon w yo pou rezon ki dekri nan Avi sa a si w pa resevwa sèvis nan men nou ankò. Apre peryòd legal obligatwa a pou kenbe

enfòmasyon w yo, nou detwi yo pandan nou swiv pwosedi sevè pou konsève konfidansyalite a.

### **VIII. DWA OU GENYEN KONSÈNAN PHI OU YO.**

**A. Dwa pou Ou Mande Limit nan Itilizasyon ak Divilgasyon PHI Ou yo.** Ou gen dwa pou ou mande pou nou limite fason nou itilize epi divilge PHI ou a. Nou pral konsidere demann ou an men nou pa legalman oblije apwouve l. Si nou apwouve demann ou an, n ap ekri nenpòt limit ou mande epi n ap suiv yo, sof nan sitiyasyon ijans. Ou pa ka limite itilizasyon ak divilgasyon nou oblije fè oswa yo pèmèt nou fè legalman yo.

Ou gen dwa pou ou mande yon restriksyon sou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sou sante w yo pou fè tretman, peman, oswa operasyon pou swen sante. Nou pral konsidere yon restriksyon men nou pa oblije dakò avèk li.

Nou pral dakò ak yon demann ou fè pou ou mete restriksyon sou divilgasyon PHI sou ou menm yo bay yon plan sante si divilgasyon an se nan objektif pou fè peman oswa operasyon pou swen sante epi lalwa pa egzije sa a yon lòt fason. Epi PHI yo konsène sèlman yon swen sante oswa yon sèvis moun nan, oswa yon lòt moun apa plan sante ki sou non moun nan, te peye nou tout lajan. Si peman an pa fèt, nan ka sa a, nou pa bezwen respekte demann restriksyon an si nou bezwen chèche jwenn peman.

**B. Dwa pou Ou Chwazi Kijan pou Nou Voye PHI yo Ba Ou.** Ou gen dwa mande pou nou voye enfòmasyon yo ba ou nan yon lòt adrès oswa atravè yon lòt metòd. Nou dwe dakò ak demann ou an toutotan nou ka bay li nan fòm ou te mande a fasilman.

**C. Dwa pou Ou Wè epi pou Ou Jwenn Kopi PHI Ou yo.** Nan pifò ka yo, ou gen dwa gade oswa jwenn kopi PHI ou genyen nan men nou yo, ou dwe fè demann lan alekri. Si nou pa genyen PHI ou yo, men nou konnen kiyès ki genyen yo, n ap di w kijan pou ou jwenn yo. Nan sèten sitiyasyon, nou ka refize demann ou an. Si nou refize l, n ap fè w konnen alekri

rezon ki fè nou refize epi eksplike w dwa ou genyen pou ou mande pou yo reyevalye refi a. Si w mande kopi PHI ou yo, kapab genyen yon frè pou peye pou chak paj. Olye pou nou ba w PHI ou te mande yo, nou ka ba w yon rezime oswa yon eksplikasyon sou PHI yo si w dakò ak sa a epi ak nenpòt lòt frè anplis davans.

**D. Dwa pou Ou Jwenn Yon Lis Divilgasyon Nou Te Fè yo.** Ou gen dwa pou ou jwenn yon lis ka kote nou te divilge PHI ou yo nan sis (6) ane ki sot pase yo. Lis la ap gen ladan dat divilgasyon an (yo), bay kiyès yo te divilge PHI yo, yon deskripsyon enfòmasyon yo divilge yo, ak rezon ki fè yo te divilge yo. Lis la p ap gen ladan itilizasyon oswa divilgasyon yo te fè pou rezon tretman, peman oswa operasyon pou swen sante, itilizasyon oswa divilgasyon ou te otorize yo, oswa divilgasyon yo te fè dirèkteman bay ou menm oswa bay fanmi w. Epi ou lis la p ap gen ladan itilizasyon ak divilgasyon ki fèt pou rezon sekirite nasyonal, oswa bay pèsònèl prizon oswa fòsdelòd yo. Demann ou a dwe endike yon peryòd tan ki pa ka plis pase sis (6) ane, men ki ka sètènman pi piti pase sis (6) ane.

**E. Dwa pou Ou Korije oswa Mete PHI Ou yo Ajou.** Si w panse PHI nou genyen sou ou yo pa kòrèk oswa yo pa konplè, ou ka mande nou pou nou modifye enfòmasyon yo. Ou gen dwa pou ou mande pou nou modifye enfòmasyon ki egziste deja yo oswa pou nou ajoute enfòmasyon ki manke yo. Ou dwe bay demann lan ak rezon ki fè ou fè demann lan alekri. Si nou apwouve demann ou an, n ap fè chanjman nan PHI ou yo, n ap fè w konnen nou te fè l, epi n ap di lòt moun ki dwe konnen ki chanjman nou te fè nan PHI ou yo. Nou ka refize demann ou an si PHI yo: (i) kòrèk epi yo konplè, (ii) se pa nou ki te kreye yo, (iii) yo pa pèmèt yo divilge yo, oswa (iv) yo pa nan dosye nou yo. Refi alekri nou an pral endike rezon ki fè nou refize epi eksplike w dwa ou genyen pou ou depoze yon deklarasyon alekri pou ou di ou pa dakò ak refi a. Si ou pa depoze yon deklarasyon pou ou di ou pa dakò, ou gen dwa pou ou mande pou demann ou an ak refi nou an akonpaye tout divilgasyon PHI ou yo alavni.

**F. Dwa pou Ou Gen Avi sa a.** Ou gen dwa pou ou gen yon kopi Avi sa a sou papye ak pa imel.

**G. Dwa pou Ou Depoze yon Plent.** Si ou kwè yo te vyole dwa konfidansyalite w yo oswa si w pa dakò ak yon desizyon nou te pran konsènan dwa w yo, tankou dwa pou ou jwenn aksè oswa modifiye dosye w yo, ou ka deoze yon plent ban nou nan telefòn, faks, oswa pa lapòs. Ou dwe itilize enfòmasyon kontak ki endike pi ba a pou ou soumèt plent ou yo.

Epitou ou ka soumèt yon plent alekri bay Depatman Sante ak Sèvis Sosyal, Biwo Dwa Sivil (Office for Civil Rights, OCR). N ap ba w adrès rejyonal OCR ki apwopriye a si w mande l. Epitou ou gen opsyon pou ou voye plent ou an pa imel nan [OCRComplaint@hhs.gov](mailto:OCRComplaint@hhs.gov). Nou sipòte dwa ou genyen pou ou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pèsònèl ou yo ak enfòmasyon sou sante w yo. Nou p ap fè vanjans nan okenn fason si w chwazi pote yon plent ban nou oswa nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken an.

N ap reponn ak tout demann ak plent sou konfidansyalite yo. Se te toujou objektif nou pou ou garanti pwoteksyon ak entegrite enfòmasyon pèsònèl ou yo ak enfòmasyon sou sante w yo. Se poutèt sa a, n ap fè w konnen nenpòt sitiyasyon posib kote yo ta pral itilize enfòmasyon w yo pou lòt rezon pase rezon ki endike pi wo a yo.

## **IX. KISA KI PRAL RIVE SI YO UTILIZE ENFÒMASYON PRIVE MWEN YO OSWA YO DIVILGE YO YON FASON KI PA APWOPRIYE.**

Ou gen dwa pou ou resevwa yon avi apre yon vyolasyon PHI ki pa an sekirite ou yo. N ap fè w konnen nan bon moman si yon vyolasyon konsa ta rive.

**X. KI JAN YO PRAL UTILIZE ENFÒMASYON MWEN YO POU REZON KI PA DEKRI NAN AVI SA A.** Nan tout sitiyasyon ki pa dekri nan Avi sa a, n ap mande pèmisyon w alekri anvan nou itilize oswa divilge enfòmasyon w yo. Ou ka anile pèmisyon w nenpòt lè; w ap fè nou konnen sa a alekri. Nou p ap divilge enfòmasyon w yo pou okenn rezon ki pa dekri

nan avi sa a san pèmisyon w. Itilizasyon ak divilgasyon ki annapre yo ap bezwen otorizasyon.

1. Pifò itilizasyon ak divilgasyon nòt sikoterapi yo. Nòt sikoterapi yo se nòt pwofesyonèl swen sante w la ki se yon pwofesyonèl sante mantal anrejistre ki dokimante oswa analize sa a ki nan yon konvèsasyon ki separe ak rès dosye medikal pasyan an. Gen eksepsyon pou divilgasyon lòt lwa egziye, tankou pou rapò obligatwa sou abi, ak sitiyasyon obligatwa "devwa pou avèti" konsènan menas domaj grav epi ki sou pwen pou rive pasyan an fè.
2. Rezon maketing. Sof pou kèk eksepsyon, Règ la mande pou nou gen otorizasyon alekri yon moun anvan yo ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante l ki pwoteje yo pou fè maketing. Yon fason pou HIPAA pa entèfere ak fonksyon swen sante debaz yo, li fè diferans ant enfòmasyon pou maketing ak enfòmasyon sou machandiz ak sèvis ki esansyèl pou bon jan kalite swen sante.
3. Lavant enfòmasyon sou sante ki pwoteje yo. Lavant PHI yo se lè yon antite oswa yon asosye komèsyal ki gen garanti fè yon divilgasyon enfòmasyon sou sante ki pwoteje yo, si sa a aplikab, kote antite oswa asosye komèsyal ki gen garanti a dirèkteman oswa endirèkteman resevwa peman nan men oswa nan non moun k ap resevwa enfòmasyon sou sante ki pwoteje yo pou enfòmasyon sou sante li bay yo. Gen kèk aktivite yo pa konsidere kòm yon "lavan" PHI yo, tankou divilgasyon ki gen rapò ak sante piblik, sa a lalwa egziye, pou rezon rechèch, pou tretman ak peman, pou lavant, transfè, fizyon oswa konsolidasyon antite a.

**Ki kalite enfòmasyon mwen ka chwazi refize resevwa nan men w?** Ou ka chwazi refize yon bagay konsènan enfòmasyon ki annapre yo nan adrès ki pi ba a:

- a. Rapèl pou randevou.
- b. Tretman altènatif oswa lòt avantaj ak sèvis ki gen rapò ak sante.
- c. Aktivite pou ranmase lajan.

**XI. KIJAN POU OU MANDE DWA SOU KONFIDANSYALITE W YO.** Si ou kwè yo te vyole konfidansyalite w nan nenpòt fason, ou ka depoze yon plent lè w kontakte nou jan yo dekri sa a pi ba a. Nou pran angajman pou nou reponn ak demann sou dwa w yo alè. Pou ou mande nenpòt nan dwa sou konfidansyalite w yo, tanpri kontakte nou nan:

CenterWell Primary Care

Adrès Postal:

Primary Care Privacy  
Privacy Office 003/10911  
101 E. Main Street  
Louisville, KY 40202  
Imel: [Privacy@caredeliveryorganization.com](mailto:Privacy@caredeliveryorganization.com)

CenterWell Pharmacy and Home Health

Adrès Postal:

CenterWell Pharmacy and Home Health  
Privacy Office 003/10911  
101 E. Main Street  
Louisville, KY 40202  
Imel: [Privacyoffice@Humana.com](mailto:Privacyoffice@Humana.com)

**Dat dènye revizyon an: 07 me 2024**